# JINAYAT PROCESSINDE QORĢAWSHI HÁM ONIŃ HUQIQIY STATUSI

Kurmanov Amangeldi
Berdaq atindaǵi QMU Yuridika fakulteti magistrantı
https://doi.org/10.5281/zenodo.7814742

Mámleketimizde insan huqıqların qorǵaw, jınayat islegen yaki jınayat sebepli zıyan kórgen shaxslardıń huqıq hám nızamlı máplerin támiyinlew, olardıń buzılǵan huqıqların tiklew, puqaralarǵa keltirilgen zıyandı tolıǵı menen óndirip beriw huqıq qorǵaw uyımlarınıń wazıypası bolıp esaplanadı. Puqaralarımızǵa óz huqıqların túsindiriw, olardıń huqıq hám nızamlı máplerin támiynlew – huqıqıy mámlekettiń tiykarǵı belgisi bolıp, olardı Respublika Konstituciyasına hám nızamlarına boysınıw ruwxında tárbiyalaw baslı maqset. Búgingi kunde huqıq qorǵaw uyımları xızmetkerleri óz wazıypaların tolıq hám nızam tiykarında ámelge asırıwı mámleketimizde jasap atırǵan hárbir puqaranıń huqıq hám nızamlı máplerin saqlawda áhmiyetli orın tutadı. Sol tiykarda, jınayat processiniń eń tiykarǵı institutı esaplanǵan «shaxstı qorǵaw» máselesin úyreniw oǵada áhmiyetli processual zárúrlik esaplanadı.

*Qorǵaw huqıqı – tiykarǵı jınayat-processual principlerdiń biri.* Jınayat processi principleri – jınayat-processual huqıq tarawınıń eń tiykarǵı baslamaları bolıp, nızamshılıqtıń qanday qásiyetke iye ekenligin kórtip turıwshı baslı baǵdarlar. Jınayat processi principleri processual huqıqtıń barlıq basqıshlarındı – jınayat isin qozǵatıw boyınsha materiallardı tekseriw payıtınan baslap, is boyınsha húkimdi orınlaw basqıshlarına shekem ámelde boladı [1, 450-452].

Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 13-statyasına muwapıq, Ózbekstan Respublikasında demokratiya bárshe insanıy principlerge tiykarlanadı, olarǵa kóre insan, onıń ómiri, erkinligi, abroyı, qádir-qımbatı hám basqa qol qatılmas huqıqları joqarı qádiriyat esaplanadı. Demokratik huqıq hám erkinlikler Konstituciya hám nızamlar menen qorǵaladı.

Sonday-aq, Ózbekstan Respublikası Jınayat-processual kodeksiniń 18-statyası usı jınayat processinde puqaralardıń huqıq hám erkinliklerin qorǵawǵa baǵıshlangan bolıp, puqaralardıń huqıq hám erkinliklerin qorǵaw jınayat-procesual nızamshılıqta óz aldına princip sıpatında bekkemlengen. Usı princip mazmunına kóre jınayat isin juritiw ushın juwapkerli barlıq mámleket organları hám lawazımlı shaxslar jınayat processinde qatnasıp atırǵan puqaralardıń huqıq hám erkinliklerin qorǵawları shárt [2, 36-41].

Tartısıwǵa tiykarlanǵan jınayat processinde tárepler teńligin támiyinlew maqsetinde 2008-jıl dekabr ayında mámleketimiz jınayat processual nızamshılıǵına kiritilgen ózgerislerge muwapıq qorǵawshıǵa kosımsha processual imkaniyatlar berildi. Qorǵawshıǵa iske baylanıslı bolǵan maǵlıwmatqa iye shaxslardı sorawdan ótkeriw hám olardıń razılıǵı menen jazba tusindiriwler alıw hámde tiyisli hujjetler alıw ushın soraw xatları jiberiw jolı menen dáliller sıpatında paydalanılıwı múmkin bolǵan maǵlıwmatlardı ǵárezsiz toplaw hám usınıw huqıqı berildi. Bunda, qorǵawshı tárepinen toplanǵan materiallardı iske qosıp qoyıw haqqındaǵı berilgen iltimasnama sorastırıwshı, tergewshi, prokuror tárepinen qanaatlandırılıwı shárt, bul bolsa óz gezeginde qorǵaw tárepi poziciyasın bekkemleydi hámde qorǵawshınıń nızam menen belgilengen huqıqların ámelge asıwı kepilligi esaplanadı.

Jınayat processinde qorǵawshınıń bunday huqıqlarǵa iye bolıwı gúman qılınıwshı, ayıplanıwshı hám sudlanıwshıǵa sapalı yuridik járdemdi nátiyjeli kórsetiwge imkan beredi. Sonday-aq, sapalı yuridik járdem beriw imkaniyatın támiyinlew maqsetinde, qorǵawshı tárepinen

ǻmeliyatta quramalı mǻseleler jůzege kelgende halattı uyreniw ushın tiyisli tusindiriwler beriwdi gőzlep, qǻnigeni tartıw haqqındaǵı iltimasnama usınıwı hǻmde usı qǻnigeler menen birge důzilgen pikir hǻm usınıslardı sorastırıw, dǻslepki tergew organları hǻm sudqa kiritiw huqıqı tǻmiynlenedi.

Qorǵawshıǵa őz processual huqıq hǻm wǻkilliklerin ǻmelge asırıw sheńberinde keń imkaniyatlar beriliwi menen jınayat processinde tartısıw principiniń real tǻmiynleniwinde onıń roli asıp baradı [3, 53-58]. Jınayat processinde qorǵalıw xuqıqı menen tǻmiyinlewdiń zamanagőy imkaniyatların ashıp beriw maqsetinde gůman qılınıwshı hǻm ayıplanıwshıǵa őz jaqınları yaki advokatqa qamaqqa alınǵanlıǵı hǻm mǻnzili haqqında maǵlıwmat beriw ushın telefon qılıw huqıqı menen tǻmiynlew, sonday-aq, gůman qılınıwshı hǻm ayıplanıwshıǵa sapalı yuridik jǻrdem – qorǵawshı menen bőlek ushırasıw hǻm bul ushırasıwlar waqıtınıń shegaralanbaǵanlıǵı sıyaqlı zǻrurli shǻrayatlar ashıp berildi.

Bul belgili dǻrejede dǻliller aykınlıǵı institutın jetilistirdi hǻmde barlıq tergew hǻm sud isin juritiwdiń hǻr qanday basqıshında sapalı yuridik jǻrdem alıw huqıqın kepillikleytuǵın konstituciyalıq normanı ǻmelde tǻmiynleniwdiń nǻtiyjeli mexanizmin jarattı.

Qorǵawshınıń jınayat processinde haqıyqıy ǵǻrezsizligine erisiw maqsetinde qorǵawshı tǻrepinen iste qatnasıwı ushın ruxsat beriwdi jazba rǻuishte tastıyqlawın, sonday-aq qorǵaw astındaǵı shaxs penen ushırasıwǵa ruxsat alıwdı nǻzerde tutqan normalar shıǵarıp taslandı. Bunda, belgili isti alıp barıw ushın hǻmde iste qatnasıw wǻkilligin beriwshi birden bir hujjetler gůwalıq hǻm order esaplanadı.

Sonday-aq, jınayat isin juritiwge juwapker bolǵan mǻmleket organları hǻm lawazımlı shaxslar ruxsatısız, qorǵawshı gůman qılınıwshı, ayıplanıwshı hǻm sudlanıwshı (egerde olar qamaqqa alınǵan bolsa) menen ushırasıw huqıqın beriwshi normaları bekkemlendi [4, 14]. Jınayat processiniń hǻr qanday basqıshında qorǵawshıǵa jınayat isin juritiwge juwapker bolǵan mǻmleket organları hǻm lawazımlı shaxslardan ǵǻrezsiz halda sapalı yuridik jǻrdem kőrsetiw imkaniyatı jaratıldı.

Bǻrshege tergew hǻm sud isin juritiwdiń hǻr qanday basqıshında sapalı yuridik jǻrdem alıw huqıqın kepillikleytuǵın konstituciyalıq normanı ǻmelge asırıw maqsetinde gůwanıń advokatı institutı kiritildi. Jınayat processiniń jańa qatnasıwshısı sıpatında gůwanıń advokatı statusı JPKniń $66^1$-statyasında belgilendi. Sonıń ushın, gůwanıń huqıq hǻm mǻjburiyatların tǻrtipke salıwshı statyalarǵa tiyisli őzgerisler kiritildi.

Jınayat processinde qorǵaw huqıqın tǻmiyinlewdiń huqıqıy tiykarları Őzbekstan Respublikası Konstituciyasında, Oliy Mǻjlis tǻrepinen ratifikaciya qılınǵan xalıqaralıq hujjetlerde, Jınayat-processual kodeksinde, «Advokatura haqqında»ǵı nızamda hǻmde Őzbekstan Respublikası Joqarı Sudı Plenumınıń qararlarında jǻmlengen. Sonday-aq, ishki isler organlarına uslap keltirilgen yaki ıqtıyat sharası sıpatında qamaqqa alınǵan shaxslardı qorǵaw huqıqı menen dǻrhal tǻmiyinlew, elimizde iskerlik kőrsetiwshi barlıq advokatlardı, advokatlıq xızmetiniń shőlkemlestiriw formalarınan qattıy nǻzer tayınlaw boyınsha qorǵawǵa tartıw hǻmde **«qalta»** advokatlarınıń xızmetine shek qoyıw maqsetinde Őzbekstan advokatlar Associaciyası,

Ózbekstan Respublikası Ishki isler ministrligi Tergew Departamenti menen birgeliktte Reje islep shıqtı.
2008-jılı Ózbekstan Respublikası Jınayat-processual kodeksi 49-statyasına tómendegi ózgeris kiritildi: «Qorǵawshınıń iste qatnasıwına jınayat processiniń hár qanday basqıshında, shaxs uslap turılǵanında bolsa onıń háreketleniw erkinligine bolǵan huqıqı haqıyqıy sheklengen payttan baslap ruxsat etiledi».

Bunnan tısqarı, Ózbekstan Respublikası Jınayat-processual kodeksi 50-statyasına tómendegi ózgeris kiritildi: «Gúman qılınıwshıǵa, ayıplanıwshıǵa, sudlanıwshıǵa yaki olardıń tuwısqanlarına basqa qorǵawshını usınıs etiwdi yaki qorǵawshı tayınlawdı sorap advokatlar byurosına, kollegiyasına yaki firmasına» degen sózlar «Gúman qılınıwshıǵa, ayıplanıwshıǵa, sudlanıwshıǵa yaki olardıń aǵayınlerine basqa qorǵawshını usınıs etiwdi usınıs qılıwı yaki qorǵawshı tayınlawdı sorap Ózbekstan Respublikası Advokatlar palatasınıń aymaqlıq basqarması tárepinen belgilenetuǵın advokatlıq duzilmelerine ózi murájaat qılıwı lazım» degen sózler menen ózgertirildi.

Jınayat isleri kóriliwinde qatnasıp atırǵan qorǵawshı ayıplanıwshını aqlawshı yaki onıń juwapkerligin jeńillestiriwshi sharayatlardı anıqlaw ushın nızamda názerde tutılǵan barlıq qural hám usıllardan paydalanıwı hám ayıplanıwshıǵa kerekli yuridik járdem kórsetiwi kerek [5, 419].
Gúmanlaniwshi, ayıplanıwshı hám sudlaniwshi qorǵaniw huqıqına iye. Qorǵanıw huqıqı sorastırıwshı, tergewshi, prokuror, sud moynındaǵı gúmanlaniwshi, ayıplanıwshı hám sudlaniwshiga oǵan berilgen huqıqlardı túsintirip beriw hám de ol ózine qoyılǵan ayıplawdan qorǵanıw ushın nızamda názerde tutılǵan barlıq qural hám usıllardan paydalanıwda haqıyqıy imkaniyatqa ıye boliwina qaratılǵan ilajlar kóriw minnetlemesi menen támiyinlenedi. Jınayat-processual kodeksiniń 24-statyasına muwapıq, gúmanlaniwshi hám ayıplanıwshınıń qorǵanıw huqıqı tómendegi qaǵıydalardan ibarat: gúmanlaniwshi hám ayıplanıwshı óz huqıqların jeke hám de óz kepilliklerinen to'liq paydalanatuǵın qorǵawshı járdeminde ámelge asıriwi; huqıqtı qorgawshi organlardıń lawazımlı shaxsları hár bir ayıplanıwshı o'zinin qorǵaniwina bolǵan konstituciyalıq huqıqın ámelge asırıwı ushın tiyisli sharayatlar jaratıw boyınsha minnetlemelerin orınlaydi.

Ózbekstan Respublikası Joqarı sudı Plenuminin qarari, gúmanlaniwshi, ayıplanıwshı, sudlaniwshi, mahkum hám oqlangan shaxstıń qorǵaniw huqıqı jınayat- sudlaw jumısların júrgiziwde tiykar bolatin principlerden biri bolıp, ıs boyınsha nızamlı, tiykarlantirilgan hám ádalatlı qarar qabıl qiliwdi kepillikleydi. Sud ámeliyatın úyreniw nátiyjeleri sonı kórsetedi, sorastırıw, tergew organlari hám de sudlar gúmanlaniwshi, ayıplanıwshınıń qorǵaniw huqıqı tiykarın támiyinleydi.

## References:

1. Юридический словарь / Сост., предсл., прилож. А.Ф.Никитина. – М.: «ОЛМА-ПРЕСС» Образование, 2004. – Б.450-452.
2. Ўзбекистон Республикасининг Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар / Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 141-152; Адвокатская

деятельность в Республике Узбекистан: Учебник. В 2-х т. Т.2. / Отв. ред. М.Х.Рустамбаев, Л.Б.Хван; Мин-во юстиции Республики Узбекистан, ТГЮИ. – Т.: Konsauditinform-nashr, 2006. – Б. 36-41.

3. Якимович Ю.К. Участие адвоката в уголовном процессе // Уголовная юстиция. - 2015. - №15. – Б. 80-85; Воронин О.В. О защите в стадии исполнения договора // Вестник Томского государственного университета дружбы народов. - 2010. - №1. – Б. 53-58.

4. Базаров С.Р. Инсон ҳуқуқларини ҳимоя қилишда адвокатура институтининг ўрни. Рисола. – Тошкент: ТДЮИ, 2009. – Б. 14.

5. Рустамбаев М.Х., Никифорова Е.Н. Суд ва ҳуқуқни муҳофаза қилувчи органлар. Дарслик.. -Т.: Турон иқбол, 2007. – Б. 419.